Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 33 (9827) 26 август 2019 с. / Итни 25 Зуль-х1иджа 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




Ежегодно 22 августа в России отмечается День Государственногофлага Российской Федерации, установленный на основании УказаПрезидента Российской Федерации № 1714 от 20 августа 1994 года«О Дне Государственного флага Российской Федерации».

Сегодня государственный флаг РФ представляет собой прямоугольное полотнище из трёх равновеликих горизонтальных полос:верхней — белого, средней — синего и нижней — красного цвета.Отношение ширины флага к его длине составляет 2:3.

День государственного флага РФ существует сейчас благодарятому, что он стал официальным (государственным) символом лишьв 1896 году. Тогда состоялась коронация последнего императора –Николая II. До этого принято было поднимать черно-желто-белый флаг, принятый во время царствования Александра II.

День знаний, отмечаемый 1 сентября, официально был утвержден в 1984 году Верховным Советом СССР. В этот день во всех школах страны проводятся торжесственные линейки, уроки добра и мира. Это праздник знаний, которые сопровождают нас всю жизнь и помогают всем нам идти по жизни. 1 сентября - День знаний и старта нового учебного года.




*Уважаемые работники образования, дошкольных учреждений, учащиеся школ и родители!*

Поздравляем вас с Днем знаний. Желаем всем вам здоровья, счастья и успехов во всех ваших благих намерениях.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

Ополчениялъе - 20 сон

## Оргкомитеталъул данделъиялда...

20 августалда райадминистрациялда тIобитIана I999 соналъ Дагъистаналде тIаде кIанцIарал, изну гьечIого яргъидгIуцIарал, халкъалдагьоркьосел гъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабиялъе районалда гIуцIараб оргкомитеталъул иргадулаб данделъи.

Гьенире гIахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместителал: И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, З.Н.Эмеев, райСобраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов ва росабазул администрациязул бутIрул.

Гьенир ричана-чвана гьеб тарихияб лъугьа-бахъиналда сверухъ тIоритIизе ругел тадбирал, тIадегIанаб даражаялда, нухда т1оритIиялъе хIажатал шартIал чIезариялда хурхарал суалал.

КIалъазе рахъарал ХI.Адимирзаевас, Гъ.Гьайирбиевас ва ГI.Абакаровас гьенир загьир гьаруна юбилей тIобитIиялда хурхарал жидерго пикраби.

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ№86

*16 август 2019г.* *с.Дылым*

**О введении запрета на продажу алкогольной, спиртосодержащей, продукции, в том числе пива и напитков, изготовляемых на его основе, на территории муниципального района**

В соответствии статьи 2 закона Республики Дагестан №27 от 29.04.2013г. **«Об установлении ограничений в сфере розничной продажи алкогольной продукции и безалкогольных тонизирующих напитков на территории Республики Дагестан»**, в целях обеспечения безопасности и общественного порядка во время проведения культурно-массовых мероприятий в праздничные дни, администрация муниципального района

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1.Запретить розничную продажу алкогольной продукции спиртосодержащей,

продукции, в том числе пива и напитков, изготовляемых на его основе на территории муниципального района в день проведения мероприятий, посвященных празднику «День знаний» 2 сентября 2019г.

2.Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района в сети Интернет.

3.Контроль за исполнением постановления оставляю за собой.

**Глава муниципального района «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.**

Ополчениялъе - 20 сон

## Виччаларо тущман нилъер ракьалде

19 августалда райбиблиотекаялъул ц1алдолезул залалда т1обит1ана, нилъер республикаялде рач1арал, изну гьеч1ого яргъидг1уц1арал ва халкъалда гьоркьосел, гъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убаялъул х1урматалда, рохалилаб данделъи.




Гьенире г1ахьаллъана- **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель Икрамудин Салимханов, Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1ажи Адимирзаев, райСобраниялъул депутат Абут1алиб Мух1амадов, рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби М-х1абибов, Дилим росдал администрациялъул вакил Г1алимпаша М-г1азизов, **«Чапар»** газеталъул бет1ерав редактор Мухтар Чупалаев, доб соналъ руччабазул отрядалъул командир, зах1маталъул ветеран Зульфия Абакарова, руччаби -ополченцал, райбиблиотекаялъул х1алт1ухъаби ва 1999 соналъул лъугьа-бахъиназул цогидалги г1ахьалчаг1и.

К1алъазе рахъарал - И.Салимхановас, З.Абакароваль, Х.М-Х1абибовас, А.Мух1амадовас,М. Чупалаевас, Г1.М-г1азизовас, Х1.Адимирзаевас, К.Мух1амадоваль, г1ат1идгьабун, бицана доб х1алуцараб заманалда районалда бук1араб ах1вал-х1алалъул ва гъачагъазде данде къеркьеялъе гьабураб г1уц1иялъул. Росабазул жамаг1атазда, милициялъул х1алт1ухъабазда, ополченцазул отрядазда, тушбабаздаса нилъер Ват1ан- г1агараб Дагъистан ц1униялъе цере лъун рук1арал масъалабазул ва г1адамал къват1ире рахъиналъул, **«Виччаларо тушман нилъер ракьалде!»**абураб ах1иялда гьоркь, кодоб ярагъгун, Ц1ияблакалдеги Болъихъеги арал нилъер бах1арзазул ва гьезда хьолбохъ ч1арал бах1арчиял улбулгун руччабазул х1акъалъулъ.

Гьенир рихьизаруна дол соназ рахъарал видеороликал. Лайла Имамирзаеваль, Бесират Г1адуеваль ах1ана **«Дир Казбек»** ва **«Эбелалъул рак1»** абурал куч1дул.

Гьеб тадбир т1обит1иялъулъ жигараб г1ахьаллъи гьабураб Дилим росдал администрациялъеги руччаби- ополченцал рак1алде щварал райбиблиотекаялъе нухмалъулезеги к1алъазе рахъарал гьалмагъзабаз загьир гьабуна рак1-рак1алъулаб баркала.

*Асият ДИБИРОВА.*

Ополчениялъе - 20 сон
**Баркула нужеда юбилей, хIурматиял ополченцал**
Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

Инсан ва г1умру
**ТIадинав вукIана нижер мугIалим**
Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

Ишахиса лъим
**Трубабазде ирга щвана**
Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

Ополчениялъе - 20 сон

# Баркула нужеда юбилей, х1урматиял ополченцал!



Салатавиялъул х1урматиял вацалгун яцал ва бах1арчиял васалгун ясал!

20 сон сверана Дагъистаналъул ракьалде, Басаевасулгун Хаттабил бет1ерлъиялда, бандформированиял рач1аралдаса. Т1оцере гьел лъугьана Ц1умада ва Болъихъ районазул росабалъе. Гьеб хабар раг1арабго, нилъер районалдаса 35 чи, ярагъ кодобгун, ана балъхъадерие кумекалъе(гьезул бет1ерлъун вук1ана дол соназ районалъе нухмалъулевлъун вук1арав Г1амир Г1азаев). Зах1матаб нух (127км) нахъаги тун, рогьалил г1ужалда, гьел Болъихъе щвана ва гьез хъаравуллъиялде росана гьелъул к1вар бугел объектал. Гьедиг1ан хекко жидее кумекалъе нилъер гьаниса г1адамал щвеялда балъхъадерица гьабураб тамашалъиялъе ва гьезул рохалие г1орхъи бук1инч1о.

*Болъихъе аразул сиях1:*

1.Г1амир Мух1амадович Г1азаев, 2.Абут1алип Мух1амадович Мух1амадов, 3.Х1амзат Мух1амадович Г1азаев, 4.Рустам Г1азаевич Г1азаев,5. Мурад Г1азаевич Г1азаев,6.Ама Мусашайихович Г1азаев,7. Насрула Г1алиукъаевич Г1алиукъаев, 8.Зайнудин Г1алиукъаевич Г1алиукъаев, 9.Арсен Алтумирзах1ажиевич Адилмирзаев,10. Зикрула Сахрудинович Г1абдурах1манов, 11.Жанбулат Загьирханович Абуязидов,12. Г1абдурашид Загьирович Салих1ов, 13.Х1ажимурад Анварбегович Султанмурадов, 14.Руслан Расулович Султанбеков, 15.Саг1ид Изамудинович Саг1идов,16. Икрамудин Байбулатович Салимханов, 17.Мух1амадсалам Мух1амадович Агъиев, 18. Х1абиб Халитович Мух1амадов,19.Ибрагьим Халитович Мух1амадов, 20.Г1алимпаша Мух1амадович Патах1ов, 21.Заур Мух1амадбаширович Шихах1мадов,22. Мух1амадрасул Загьирович Лат1ипов, 23. Г1абас Мух1амадович Юсупов, 24. Казинпаша Авбакарович Мух1амадов, 25.Х1усейн Мурадисович Х1асанов, 26.Камильпаша Мух1амадсаг1идович Мух1амадх1абибов, 27.Ибрагьим Къасумович Х1усейнов, 28.Юсуп Нуцалович Х1амзатов, 29. Заур Сапивулаевич Темирбулатов, 30.Г1умарасх1аб Юсупович Байханов, 31.Г1абдуразакъ Г1абдулмуслимович Юсупов, 32. Г1абдулвагьаб Г1убайдулаевич Х1асанов(Ц1обокь), 33.Аду Мух1амадович Х1асанов(Ц1обокь), 34.Руслан Каримулаевич Хайрулаев(Ц1обокь) ва 35. Мурад Мух1амадович Татарханов (Ц1обокь) .

Гьеб лъугьа-бахъиналъ бандазе бич1ч1ен кьуна Дагъистаналъул ракьалъул киг1ан гьит1инаби бут1аялда кверщел гьабизе жал тезе гьеч1еблъи ва гьеб ц1униялъе дагъистаниял рух1алда барахщине гьеч1еллъи.

Доб соналъ ккарал тунках1усиязулъ Салатавиялъул г1адамаз тана т1аг1ин гьеч1еб лъалк1.

Абич1ого г1оларо, ч1ах1иязда цадахъ, г1агараб ракь ц1унулезул мухъилъ рук1анин ригь аралги, ч1ах1иял классазул ц1алдохъабиги, руччабиги. Къасиги, къадги, ц1адукьги, бакъукьги рук1ана гьел хандакъахъ. Г1амир Г1азаевасул «**Нилъер рук1ине гьеч1о район тун унел, нилъ гьанир хвезе руго, амма террористал Салатавиялъул ракьалде лъугьине гьеч1о**»,-ян абурал раг1аби кьоч1оеги росун, нилъер г1адамазда нахъе къазе рак1алда бук1инч1о. Жив-живасул бук1ана т1адкъай, ва гьеб гьез, рак1бац1ц1адго, т1убазабулеби бук1ана. Гьай-гьай, ополчениялъулъ г1ахьаллъарал т1олазулго ц1арал гьанир рехсезе рес рекъоларо, амма жигаралда гьелъулъ г1ахьаллъарал рехсеч1ого тейиги дида бит1ун бихьуларо.

Гьел ккола: Загьирбег Г1усманов, Вадуд Шапиев, Загьир Х1асанов (милициялда рук1арал), Волгоградалъул санаториялдаса т1адвуссарав Салимпаша Шемеев, Кайтаг районалдаса ва Мах1ачхъалаялдаса рач1арал-Султанбек Султанбеков, Юкрудин Салимханов, Къурах1ма ва Артур Темирбулатовал, Ибрагьим Булатханов. Ополчениялъул штабалъул начальник Мусашайихил бет1ерлъиялда, бич1ч1енкьеялъул ва г1уц1иялъул х1алт1улъ к1удияб бут1а лъуна-Т1агьир Салаевас, Ибрагьим ва Расул Идрисоваз, Мух1у Г1абдулмуслимовас, Х1ажи Адимирзаевас, Г1амирхан Г1амирхановас, Мухтарпаша Гереевас, Паша Г1умаровас, Бексултан Г1алхановас, Х1ажи Муртазг1алиевас, Нурпаша Абакаровас, Мух1амадрасул Мадаевас, Мух1амад Юсуповас, Мух1амадх1абиб Г1азаевас, Мух1амадсаг1ид Мамайхановас, Султанмух1амад Мух1амадрасуловас (дол соназ Дилим росдал бет1ер) Ибрагьим Ибрагьимовас, Абубакар Ибрагьимовас, Билал Къурбановас, Наирбег Мах1амаевас, Камиль Мурадисовас, Расул Лат1иповас, Ах1маднасир Батиевас, Джамалдин Мух1амадг1алиевас, Юсуп Мух1амадт1агьировас, Ах1мад Х1ажиевас, Эсенай ва Нургьамудин Идрисоваз, Г1абдулг1азиз Султанмурадовас, Зубайри Г1исаевас, Г1абдурашид Салих1овас, Саг1идбег Гъанаматовас, Висирпаша ва Г1абдулбасир Х1ажимух1амадоваз, Мух1амадкамиль Шахбановас, Ибрагьим Х1усеновас, Идрис Идрисовас, Г1али Г1умаровас ва г1емерал цогидазги. (К1очарал ратани, т1аса лъугьа). Бихьиназда цадахъ ч1ун рук1ана руччабиги. Зульфия Абакаровалъул ва Пат1имат Г1азаевалъул нухмалъиялда, гьез бажарараб кумек гьабулеб бук1ана бихьиназе.

Г1агараб ракь ц1унизе рахъун рук1ана т1убарал хъизабигун тухумал. Гьел ккола-Г1азаевазул, Г1алиукъаевазул, Агъиевазул, Г1алимхановазул, Булатхановазул, Гъанаматовазул, Идрисовазул, Саг1идовазул, Гьанищевазул, Мух1амадовазул, Муртазг1алиевазул, Шарабудиновазул, Темирбулатовазул, Салимхановазул, Ибрагьимовазул, Г1абдурах1мановазул тухумалгун хъизаби.

Нилъ ч1ух1изе бегьула, дол соназ 15-16 сон гурони жидер г1умруялъул бук1инч1ел, г1олилазул ополчениялъулъ бук1араб г1ахьаллъиялдасаги.

Гьале гьел -Мурад Давудх1ажиев, Мух1амад Г1азаев, Шамиль Мух1амадов, Г1азиз Усаматов, Х1ажи Мух1амадов, Г1алибег Гереев, Г1абдулмуслим Юсупов.

Макъу ва х1алхьи тун, бажарун ополчениялъул штабалъе нухмалъи гьабуна Мусашайих Г1азаевас.

К1иго бут1аялде рикьарал ополченцазе нухмалъи гьабулеб бук1ана Ибрагьим Булатхановас ва Г1алимпаша Патах1овас, ополчениялъул командирлъун кколаан дун- гьал мухъазул автор.

Юкрудин Салимхановас ва Юсуп Дадаевас отрядалъе к1удияб материалияб кумек гьабуна. Юкрудиница ополченцал рагъул ишазде ругьун гьарулелги рук1ана. Хасаб баркалаялъе мустах1икълъула, бокьараб заманалда къват1ире рахъине х1адурал ополченцал-шоферзаби: Мух1амадрасул Мух1амадх1абибов, Мух1амадрасул Загьидов, Назирбег Г1азизов, Г1абас Юсупов, Руслан Султанбеков ва цогидалги, пулеметчикал: Варис Г1амиев, Сайбула Х1адаев, Г1арип Г1азизов, Насрула Г1алиукъаев, Исрап Булатханов ва снайпер Зайдула Юнусов.

Доб соналъ нилъер ополчениялъул г1уц1и, г1агараб ракь ц1унизе бугеб таваккаллъи бихьарав, Россиялъул Генералияб штабалъул начальниклъун вук1арав А.Квашнин виххун хут1ана. Дол лъугьа-бахъиназ бихьизабуна район, Дагъистан ц1униялъе нилъер къуватги, къвак1иги, бах1арчилъиги, нахъекъай гьеч1олъиги г1унги т1ок1ал рук1ин.

Цоги нухал баркула нужеда юбилей,Салатавиялъул ополченцал! Нужее даимаб рецц!

*Абут1алип Мух1амадов, ополчениялъул вук1арав командир, Дилим росу.*

*Инсан ва г1умру*

# Чабхилъан беролеб иццул лъим г1адин,..



«**Ислам**» абураб раг1ул маг1на лъаларев бусурманчи дунялалда ватиларо. Гьелъул бицун, «Чапар» газеталда бахъун бук1ана «**Исламалъ бихьизабун буго**»-ян абураб дир макъалаги.

Ислам ккола Т1адег1анав Аллагьас бусурбабазе бихьизабураб бит1араб нух. Исламияб дин Дагъистаниязда малъиялъулъ к1удияб бут1а лъуна жинда Аллагь разилъаяв, Саг1ид афандияс (къ.с).

Гьесул т1ахьал щвана Дагъистан тун къват1ирехун, ва гьесул г1умрудул х1акъикъат нилъер г1емерисезда лъала. Саг1ид Афанди гьит1инго бесдаллъана. Гьесда бихьана г1емераб къварилъи ва зах1малъи.

Советияб Армиялда хъулухъ гьабун хадув, гьев х1алт1ана г1иязул вехьлъун. Кинаб зах1малъиялда г1умру гьабулеб бук1аниги, гьес Аллагьасе щукру гьабулаан х1арамаб жоялдаса ц1унун, жиндирго г1ет1алдалъун бет1ер-бахъи гьабизе х1алги ресги кьеялъухъ.

Киг1ан к1удияб зах1малъиялда вугониги, гьесул к1удияб гьира бук1ана г1елму ц1ализе ине, гьеб бук1ана гьесул инсул (жиндир мунагьал чураяв)анищлъунги.

1990 соналъ басмаялда бахъана Саг1ид-афандиясул «Назмаби» абураб т1ехь.

Исламалъе эркенлъи щун, мажгитал, мадрасал рагьидал, цо-цо г1алимзабаз жиде-жидер пикруялда рекъон, дин гьабулеб бихьидал, Саг1ид-Афандияс хъвана гьал коч1ол мухъал:

-**Диналъул вацалги паналъун индал,**
**Анищго хут1ич1о ч1аголъиялде**-ян.

Гьединго, дин ц1и гьабулайинги абун, вагьабияз халкъ питналде ах1и зах1малъидал Саг1ид афандияс хъвала:

**Дица ваг1за гьабун чи кант1уларо**
**Бет1ергьан Аллагьас т1овит1ич1они,**-ян.

Саг1ид-афанди вук1ана, х1акимчаг1азул , мискинзабазул бат1алъи гьабич1ого, г1адамал т1аде къабул гьарулев, исламдиналъул бицун, гьалбал нухда рег1улев сахаватав чи, гьелдаго цадахъ, гьес гьукъун бук1ана жиндихъе рач1унел г1адамазде ч1ухь базе, гьеб рахъ гьес рик1к1унаан къабих1аб жолъун.

Г1елмуялъул нухде лъугьине рач1аразги г1орхъи гьеч1еб борхалъуда ц1унун бук1ана щайихасул ц1ар, ай, гьев ващад гьавун вук1ана исламияб г1елмудулъ лъадарарав чиясда. Гьелъие нуг1лъи гьабула гьес жиндихъе рач1арал г1адамал вацлъиялде, г1аданлъиялъиялде, мискин-пакъерзазде рах1му бугеллъун рук1ине ах1иялъ, гьев лъалез щайих ващад гьавулев вук1ана чабхилъан баккулеб ц1орораб иццда.

Гьедин, Исламги Исламалъул нухги щула гьариялда т1ад х1алт1ана гьев г1умруялъго.

Щайихасул гьеб хьвади бокьич1ез гьев ч1вазе къасд гьабуна ва гьелъие х1адур гьаюна террористка-смертница Алла Сапрыкина абулей ч1ужуг1адан.

Террористаца гьей Саг1ид афандиясул рукъое щвезег1ан гьелъул хал ккола ва гьей жание щварабго, бомба кьвагьула.

Гьеб терракталъул х1асилалда Саг1ид-афанди ва гьесул анлъго мюрид Аллагьасул къадаралде щвана. Гьеб бук1ана 2012 соналъул 28 август.

*Б.НАСРУДИНОВ, Дилим росу.*

*Инсан ва гIумру*

# Гьадинав вукIана нижер мугIалим



Нилъер район сахаватал гIадамаздалъун бечедаб буго. Гьезда гьоркьор руго - бахIарзал, гIалимзаби, политикал, тохтурзаби, мугIалимзаби, дунялалдаго цIар рагIарал спортсменал ва диниялгун жамгIиял церехъаби.

Гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккола мугIалимзабаз. Районалъул экономикияб, культурияб ва социалияб рахъ борхизабиялъул х1алт1и хасал махщелчаг1аз гьабулеб батани, лъик1аблъун бук1инаан гьел махщелчаг1и ц1ализе ва г1езаризе, гьезул г1умруялъул иццул бет1ералда вахъун ч1арав учителасул бицине. Советияб х1укумат бахъаралдаса къват1исан рач1арал махщелчаг1и рук1ана кирго х1алт1улел. Нилъерго гьанир гьел г1езаризе байбихьи лъуна Дилим росдал гьоркьохъеб школалъул ц1алдохъабаздасан. Ц1али т1ок1лъиялдалъун лъуг1изабуразда гьоркьоса рищун, школа лъуг1арал рит1изе байбихьана муг1алимзабилъун х1алт1изе.

Гьединазул цоявлъун вуккIана Гуни росулъа мугIалим СагIидин Завурбекович ГIумаров. Саг1идин ГIумаров гьавуна 1926 соналъ Гуни росулъ векьарухъанасул хъизаналда. ГьитIинго загьирлъана гьесулъ хIисаб гьабизе бугеб махщел. Дарсазда мугIалимзабаз бицараб гьес хехго рекIелъе босулаан ва гьев гIемер цIалдолаан. Гуниялда байбихьул школа лъуг1арав Саг1идин уна Дилималда бук1араб интернаталде. Классалда гьев вук1ана отличник, киданиги хвезе гьабуларoан гьес г1адлу-низам, мух1кан т1убазабулаан учителасул т1адкъай, ц1алудехун гьесул бук1ана к1удияб рокьи. Саг1идинил лъаялъул ва г1амал-хасияталъул къадалъ къиматал ганч1ал лъурал ва муг1алимасул махщелалде рокьи бижинабизе к1варал насих1атчаг1илъун рук1ана районалъул т1оцересел муг1алимал: Г1абдукарин Х1ажиевич, Мух1амадхан, Г1абдулаев Абакар Г1абдулаевич, Белягина Вера Петровна, Казуев Багьавдин.

1942 соналъул февралалда дилимазул школалъул директор Казуев Багьавдиница Г1умаров Саг1идиние, Саидов Х1ажие ва Идрисов Расулие кьуна микьго класс лъуг1иналъул документал ва школа заманалъе къалеб бугилан лъазе гьабуна. Саг1идин лъугьана Хасавюрталда бугеб педучилищеялде ва, гьеб лъуг1ун хадув, 1944 соналъ витIана Шавданалъул школалда х1алт1изе.

Рагъ лъуг1арабго, гьев лъугьана Дагъистаналъул пединституталъул физикаялъулгун математикаялъул факультеталде. Гьенив ц1алулаго, Совет Союзалъул вузазда гьоркьосеб программаялда рекъон, т1ок1лъигун ц1алулел студентал рит1ана Ленинградалъул Горный институталде. К1удияб шагьаралъул рагъа-рачариги, Ленинградалъул квачараб гьава-бакъги данде ккеч1о Саг1идиние. Заман бук1ана зах1матаб ва ракъи бугеб. Репрессиялде ккарав эмен т1ад гьеч1еб ва росулъ тараб хъизаналдасан гьесие кумек бук1инч1о. Саг1идиние ц1акъ бокьулаан г1одобе биччараб г1умру чвахулеб жиндирго гьит1инаб Ват1ан – Дагъистаналъул росу. Гьесул гьариялда рекъон, гьев т1ад вуссана институталде ва рит1ухъавлъун хут1ана бокьулеб математикаялъе.

ТIокIлъиялда педагогичес кияб институт лъугIизабурав СагIидин, гьелъие нугIлъи гьабула Сталинил стипендиатлъун гьев вукIиналъ, вит1ана Гумбет районалъул МелъелтIа росулъе. 1949 соналдасан байбихьун ва 1952 соналде щвезег1ан, гьев лъабго соналъ х1алт1ана бакълъулазул байбихьул школалда. Жиндирго махщалил дарсал кьей гурebи, Саг1идиница г1уц1ун рук1ана бат1и-бат1иял кружокал, т1абиг1ат лъазабиялъул группаби. «**Дица гьадал муг1рулгун щобазда щвеч1еб бак1 теч1о**», -ян бицунаан гьесилан рак1алде щвезабулаан гьесул вук1арав ц1алдохъан, Дилималдаса Зайнудин Мух1амадович Мух1амадовас.

Мелъелт1аса т1адвуссун хадув, Саг1идин ГIумаров х1алт1ана Дилим, Гуни росабазул школазда. Гьес рачунаан физикаялъул, математикаялъул, электротехникаялъул, черчениялъул, тригонометриялъул, астрономиялъул дарсал. Щибаб дарсиде гьес жинцаго х1адурулаан ц1алдохъабазе бич1ч1енкьеялъе бат1и-бат1иял алатал ва ургъулаан дарсазул къаг1идаби, т1ахьил материалалда Саг1идиница г1ей гьабулароан. Гьес , сверухълъиялде балагьун, г1ат1ид гьабулаан бицунеб дарс.

**Масала:** Числабазул бут1аби гьес малъулаан мучари ялъул къот1алабаздалъун Физикаялъул молекулазул ва атомазул рагъари, - цоцалъ расандулаго, рекерахъдулел лъималазул мисалалда. Гьес дарс бициналъухъ, г1акълу кьеялъухъ ва гьесул гьаркьихъ г1енеккизе мурадалда рук1унаан ниж. Жидеего вокьулев учителасул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул рук1уна бат1и-бат1иял кополал харбалгун абундачал. Гьедин, нижеца х1икмалъи гьабулаан Саг1идиница рек1ехъе зах1матал масъалаби гьариялда, гьезда т1ад ургъи гьесие, щиб гьабулев вугониги, хасиятаб бук1инаlда. Нижее кеп кьолаан, хъвадаризе ва суратал рахъизе классалъул доска г1еч1еб мехалда, къадада яги полалда гьес гьарулел хъвай-хъвазы ва рахъулел суратаз.

Цо нухалда ккана гьадинаб лъугьа - бахъин. Гьеб букIана «**Архъабаш**» участок заз-хъарахъалдаса бацIцIад гьабулеб заман. ЧIахIиял классазул лъимал гьенире кумекалъе ритIулаан. Доб заманалда техника хьвадулаан Ленинаул росулъан. Нухда букIана гьабихъе лъим бачараб рахъалда тIасан лъураб гьитIинабго кьо. ЦIалдохъаби рекIун рукIараб машина гьеб кьодухъан рахънибе ана. ЦIалдохъабазда гьенир гIиси-бикъинал ругъналги лъуна. Нижер бетIерлъуда вукIарав СагIидиница абуна: «**ВахI, бажаричIо дида жакъа нуж цIунун**»,- ан. Гьеле, гьединав вукIана нижер мугIалим СагIидин.

**«1962 соналъ, жиндирго лъаялъул даража борцине ва г1елмуялъул гъварилъуде ваккизе мурадалда, гьев лъугьана Ленинградалъул электротехникаялъул ва бухьеналъул заочнияб институталде. К1иго курсгун бащдаб лъуг1инабураб ва киналго щуйил къиматалги ругеб гьесул зачеталъул книжка буго нижехъ. Жиндаго лъалелдаса т1ок1аб жо гьениб батич1еб къаг1ида буго, инсуца институт лъуг1инабич1ого тун буго. Саг1идиница бицана, къвал ц1урал чертежалги росун, сессиялде арав жинца, цо-цоккун, цадахъ ц1алулезе гьел рикьизе ккеялъул. Маг1арул росдал къаг1идаялда рет1а-къарав, керзалъул этекалги, т1имугъги рет1арав, бухари т1агъурги лъурав жиндихъги валагьун, профессорас гьикъанин дур х1алт1и кибан. Жиндирги бугин цо гьит1инабго чертежинги абун, хут1араб т1амачги босун, гьесде аск1ове живги анин. Халатккун гьелъухъги валагьун, профессорас киназдаго раг1инедухъ абунин, ц1акъ махщалида гьарурал х1алт1аби берцинаб цого хат1алъ курсалъго гьарун рихьулищ ругел»**, – ан гьесул ккараб бицана дида Саг1идинил яс Пат1аца.

Педсоветалда Саг1идин Завурбегович кидадай к1алъалаян рук1унаан нижин бицунаан доб заманалда х1алт1улел рук1арал муг1алимзабаз. Гьес т1алаб гьабулаан къвариг1араб материал, гьарулаан малъа -хъваял, бицунаан ц1алул ц1иял къаг1идабазул. Гьес дарсал кьуна г1елмуялъул гвангъарал ц1вабилъун лъу гьарал ц1алдохъабазеги, гьоркьохъеб лъай щвезе х1ажаталлъун рук1арал х1акимзабазеги.

Математикаялъул муг1алим, цого къаг1идаялда, вокьулаан бат1и-бат1иял махщелал т1аса рищарал гьесул ц1алдохъабазе: филолог Султанмажид Беркихановасе, химия бокьулей Х1абизат Х1амзатовалъе, техникиял г1елмабазул кандидатлъун лъугьарав Зуркъанай Айтемировасе, физикаялъул г1елмабазул докторлъун вахъарав Руслан Меджидовасе, педагогикиял г1елмабазул доктор академик Вагьаб Минбулатовасе, медицинаялъул г1елмабазул доктор, академик Сахрудин Сафаровасе, муг1алимзаби: Шигьавдин Г1алиевасе, Х1абибула Къумаев, Мух1амадг1азиз Г1азизовасе ва Паша Г1амировасе.

Г1енеккаразда бицунеб бич1ч1ине ва, г1ат1идго, бокьараб тема рагьизе гьесул бугеб махщел х1алт1изабулаан политикияб лъай кьеялъул, дунялалда кколел лъугьа-бахъиназул лекцияби ц1ализариялъе «**Знание**» обществоялъ, партиялъул ва цогидали идарабаз. Саг1идин вук1ана бокьараб дарс кьезе, лекция ц1ализе яги гара-ч1вари гьабизе киг1анги к1удияб аудиториялде цеве вахъине х1адурав оратор. Т1убараб кьоялъ хур-хералда х1алт1арал росабазул г1адамал гъираялда унаан къаси росдал клубалда т1орит1улел, бокьараб суал жидеца кьезе бегьулел, т1абиг1аталъул, г1елмуялъул, диналъул ва росдал маг1ишаталъул суалазда т1асан ц1алулел Саг1идинил лекциябазде.

Саг1идинида гъваридго лъалаан ингилис мац1, гьес эркенго ц1алулаан гьеб мац1алда хъвараб т1ахьал ва газетал. ТIабигIаталъго сундулги жиндие бичIчIен кьурав, махщел тIокIав, яхI-намус цIикIкIарав ва гIаданлъи бугев мугIалим вукIана СагIидин. Гьесда цIалдохъан, вичIчIунаан киданиги кумек гьарун вачIарав гьес нахъчIвалароан. Бицунеб СагIидиница бичIчIинабулаан, бичIчIинчIезе такрар гьабизеги гьев кIвахIаллъулаан. Гьабулеб ишалъулъ жавабчилъи цIикIкIарав, ракIбацIцIад тIадкъараб иш тIубазабулев, битIараб рагIи бадибе абулев, ритIухъав СагIидин, гьай-гьай, вокьулаан цадахъ хIалтIулезе, цIалдохъабазе ва умумузе.

Унго-унгояв мугIалим вукIинчIевани, хутIилароан СагIидин жакъаги нижер ракIазулъ.

Гьесие щварал шапакъатазул бицен гьабидал, Пат1а Айтемировалъ абуна: **«К1удиял шапакъатал ва ц1арал инсул рук1инч1о, гьанже г1адин цере ккаразе доб заманалда гьелги кьоларoан. Гьел росизег1ан эменги хут1ич1о. Гьесул рук1ана партиялъул Дагъистаналъул обкомалъ кьураб грамота, зах1маталъул книжкаялде росарал г1емерал баркала кьеял, амма бищунго къимат ц1ик1к1арал шапакъаталлъун инсуе рук1ана ц1алдохъабазул, г1адатиял г1адамазул жиндехун ругеб рокьи, х1урмат, лъик1ал рак1алдещвеял. Дир г1умруялда жанир г1емер ккана дандч1вараз инсул х1акъалъулъ ц1ехеязул, гьесул х1акъалъулъ биценазул х1ужаби. Рик1к1адаб Санкт-Петербургалдацин дандч1вана дир эмен лъалев мелъелт1исев. Районалъул росабалъа дир инсул г1елалъул чаг1и щиб суалгун дихъе рач1аниги, гьез цин досул бицуна. Кие дун кканиги, дида г1адамаз ц1ехола мун Саг1идинил ясищан. Дир инсул х1акъалъулъ лъик1ал рак1алдещвеял хут1аразе кидагосеб баркат гьарула дица»**,-ян.

Унгоги, хIалтIул хIасилал шапакъатаз (цо рахъалдасан) рорцунел ратаниги, гьел киназулго къимат, цадахъкъан, бахунаро даималъ гIадамазул ракIазулъ инсанасул цIар хутIиялъул шапакъаталде.

Ц1акъго гвангъараб ц1ва хехго ссунеб къаг1ида буго т1абиг1аталъуллъ. Гьев гьайбатав инсан гIумруялдаса гIолохъанго ватIаана. Къадаралде щвараб 1974 соналъ СагIидин ГIумаровасул букIана гIицIго 48 сон. Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

Гьев даим нижер ракIазулъ хутIизе вуго.

*Эсенай ИДРИСОВ,*
*Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим, Дилим росу.*

# Россиялъул бах1арзал




15 августалда Москваялда г1агарда бугеб Жуковскиясул аэродромалдаса Симферополалде боржине гьаваялде бахунеб самолеталде цебе ккола чайкабазул къокъа. К1иябго моторалде жанире гьел ккеялъул х1асилалда, моторал ч1ола (цоялда ц1а рек1уна). Летчиказда бажарула гьениб бук1араб ц1оросаролъалъул хуриб самолет рещт1инабун. Гьеб «чехьалда» хъущт1ун ч1ола. Летчиказул ва экипажалгун махщелалдалъун киналниги пассажирал 226 чи самолеталдаса къват1ире рахъула. Цо чи гурони больницалде кколаро. Социалиял сетазда, къват1исел улкабазул СМИязда, гьезул махщалие т1адег1анаб къиматги кьун, гьел бах1арчилъиялъул ц1аразе мустах1икъал ругин хъвалеб буго.

Россиялъул Президент В.В.Путинил Указалда рекъон, к1иявго летчик Д.Юсуповасе ва Г.Мурзиние **«Россиялъул бах1арчи»** абураб т1адег1анаб ц1ар, экипажалъе – **«Бах1арчилъиялъул»** орденал кьуна.

**М.-ш. Г1абдулашимов.**

# Объявление

Сертификат МК – 11 №0449949 на материнский капитал, выданный 04.02.2019 г. УОПРФ в Казбековском районе гражданке **Исламовой Мадине Зубайриевне,** проживающей в с. Артлух Казбековского района, считать недействительным.

# Анкьил гьава – бакъ

**(26 август - 1 сентябрь)**



| | |
|---|---|
| **1. Итни** | (+24, ц1ад) |
| **2. Талат** | (+22, ц1ад) |
| **3. Арбаг1** | (+22, ц1ад) |
| **4. Хамиз** | (+24, бакъ) |
| **5. Рузман** | (+24, бакъ) |
| **6. Шамат** | (+25, ц1ад) |
| **7. Гьат1ан** | (+22, бакъ) |

---

*22 августалда*:



| | |
|---|---|
| **Доллар** | - 66.26 коп. |
| **Евро** | – 73.49 коп. |

*Ишахиса лъим*

# Трубабазде ирга щвана

Гьал къояз Ахъташ лъарал бет1ералда, Ишахи участокалда маххул къалиги лъун, гьелъубе лъим биччана.

Гьанже гьенире трубаби щвезаризе ва гьел цоцалъ регьезе руго.

21 августалда Дилим росулъ т1обит1араб Ишахиса лъим бачиналъе г1уц1араб оргкомитеталъул данделъиялда бицана гьениб гьабулеб х1алт1ул, т1уразе т1адал масъалабазул ва тасдикъ гьабуна Ишахире трубаби щвезариялъе, гьел цоцалъ регьеялъе щибаб росдал г1адамаз кумек гьабиялъе г1уц1араб график.



**Буртунай**
15 чи, 26-27 августалда, 9-10 ва 23-24 сентябралда.
**Жавабиял: А.Салманов, Ш.Расулов .**

**Гуни**
15 чи, 28-29 августалда, 11-12 ва 25-26 сентябралда.
**Жавабиял: И.Ильясов, К. Г1абдулаев.**

**Дылым**
15 чи, 30-31 августалда, 13-14 ва 27-28 сентябралда.
**Жавабиял И.Мух1амадов, А. Абакаров**

**Инчха**
15 чи, 1-2 сентябралда, 15-16 ва 29-30 сентябралда.
**Жавабияв: Шипиханов А.-х.**

**Гъозтала**
15 чи, 3-4 сентябралда, 17-18 ва 30 сентябралда.
**Жавабиял: А. Абакаров, Г. Пахрудин**

**Алмак**
15 чи, 5-6 ва 19-20 сентябралда.
**Жавабиял: М. Салгереев, Сахрудинов С.**

**Н.Артлух**
15 чи, 7-8 ва 21-22 сентябралда.
**Жавабияв: М-расул Г1алисултанов.**

**ОРГКОМИТЕТ.**

*Инсан ва г1умру*

# Буртунаялда - спорткомплекс

Буртунаялда базе бугеб спорткомплексалъе бак1ал х1адури ахиралде щвана ва гьеб сверун къаялъе нусгоялде г1агарун маххул х1уби эхетана.

Гьеб х1алт1и бет1ералде бахъиналда т1ад х1алт1ана **«Буртабазул г1олилал»** г1уц1иялъул членал ва **«Ространснефть»** АОялъул хасаб бригада.

Гьенир рук1арал токил х1убалгун трансформатор цогидаб бак1алде гочинабуна Северияб электросеталъул Дилималда бугеб бригадаялъ, т1абиг1ияб газалъул трубаби – райгазалъул х1алт1ухъабаз.

Гьенир гьарулел х1алт1аби руго районалъул бет1ер Х1. Мусаевасул ва депутат М-паша Г1умахановасул кидагосеб халгьабиялда.

Гьединго, гьеб бак1алда гьабулеб х1алт1улъе жигараб г1ахьаллъи бихьизабуна – Буртунай росдал харабазул Советалъул член Тимирав Юнусовас, **«Буртабазул г1олилал»** г1уц1иялъе нухмалъулев Шамиль Расуловас, зах1маталъул ветеран, жамг1ияв цевехъан Х1айбула Г1абдулаевас ва **«Ространснефть»** АОялъул х1алт1ухъан Сайрудин Мух1амадовас.

# Ахириял харбал

СШАялъул президент Д.Трампица компьютералгун телефонал гьарулеб **«Apple»** корпорация ах1ана Китаялдаса нахъе ине. Гьелъие г1иллалъун ккола СШАялъул ва Китаялъул политиказул цо-цо суалазде бугеб бербалагьи данде ккунгут1и. Гьезда гьоркьоб буго Китаялдаса Америкаялде баччулеб къайи-ц1аялда лъолеб налог ц1ик1к1инабиялъул суалги.

---

Д.Трампица Даниялде гьабизе бук1араб сапар нахъ бахъана. Гьелъие г1иллалъун ккана Даниялъ Америкаялъе Гренландия ч1инк1иллъи бичизе инкар гьаби.

---

СШАялъ Украиналда лъазабуна, ядернияб яргъидаса инкар гьабич1они, жидеца экономикиял санкциял х1алт1изаризе ругилан.

---

Т1оцебесеб медицинаялъулаб кумек гьаби ц1акъ г1одобег1анаб даражаялда бугин лъазабуна. Кремлялда т1обит1араб данделъиялда В.В.Путиница.

---

Гьаб соналъ Дагъистаналде рач1унел туристазул къадар (цебехун бук1аралдаса) г1емерго ц1ик1к1ана. Гьелъие г1иллалъун ккола нилъер республикаялда г1одоцараб ах1вал-х1ал бук1ин. Туристал щола т1абиг1ат ва тарихиял берцинал бак1азде.

*Бетlерав редактор:*
*Мухтар Гlалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*Мухlамад-Шарип*
*Гlабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*Хlалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*

*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева,*
*Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна*
*редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация*
*МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул)*
*адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,*
*368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №286 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД*
*19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*